

Eskrab nan Peyi D' Ayiti

Leticia Casseus, Inivèsite de Florid

1. Entwodiksyon

Mwen jwenn anpil plezi lè nou jwe eskrab nan klas la paske m kòmanse rekonèt jan l ap ede mwen vin pi anfòm avèk lang la. Lè m di m ap vin pi anfòm nan lang la m vle di m ap ka pale, li, ekri, e konprann lang la pi byen pase m kapab kounye a. Lòt elèv yo nan klas la konnen plizyè mo ke mwen pa t konnen epi lè pou nou fè efò pou nou eple mo yo kòrèk, tout sa ede mwen epi lòt elèv yo pou nou vin pwofesyonèl nan lang la. Menm jan eskrab la ap ede nou, m panse l ka ede Ayisyen nan Ayiti. Dejan t ap diskite nan chapit la jan Ayisyen pa kosyan de jan yo konn diferans yon bon jan fraz kreyòl avèk yon fraz kreyòl ki pa bon. Li di se suiv yo suiv prensip la depi yo timoun epi li chita nan lespri yo oubyen sèvo yo pou tout tan. An verite yo pa konsyan, men an menm tan sa se pa fòt yo. Yo pa menm aprann timoun yo kreyòl nan lekòl yo. Ki jan pou moun yo konsyan de poukisa yo pale lang la jan yo pale l si yo viv nan yon peyi ki pa respekte oubyen apresye lang la, lang manman yo. Depi Ayisyen suiv prensip jwe eskrab la m panse sa ap ede yo li epi ekri an kreyòl. Espesyalman ak diksyonè a nan men ki sèvi kòm baz jwèt la, lè yo wè yon mo yo panse ki pa yon mo vre y ap gade nan diksyonè a pou yo ka konnen. Se lè yo kontinye a lòd sa y ap vin devlope yon pi bon konprann pou lang la. Se lè sa yo kapab konsyan de kijan yo konn diferans avèk yon bon jan fraz kreyòl avèk yon fraz kreyòl ki pa bon. M panse jwèt sa ka fè anpil, anpil, anpil pou moun Ayisyen yo. M kwè se yon kòmansman pou yon gwo chanjman pou Ayiti. Jwèt sa ap ede moun, menm si se pa tout moun, l ap ede anpil moun vin konprann enpòtans lang la.

2. Jan pou Ayiti Popilarize Eskrab

Gen plizyè jan nou kapab popilarize eskrab. Men, si pou nou fè tout moun rekonèt jwèt la toupatou se pou nou kòmanse piti. Mwen vin konprann jan pou yon moun popilarize nenpòt bagay se pou fè anpil anpil moun rekonèt sa bagay la ye. Lè sa moun ap kòmanse pale sou sa bagay la ye, kijan li fonksyone. Moun ap bezwen konn kisa bagay la ye espesyalman si l se yon bagay yo pa janm wè nan lavi yo. Enbyen jwèt eskrab nou an se yon bagay m ka di anpil moun pa janm wè. Premye bagay nou ka fè pou nou popilarize jwèt la se pote jwèt la bay fanmi e zanmi nou pou yo ka aprann jwe l. Fanmi nou e zanmi nou yo ap sezi wè gen yon jwèt eskrab an kreyòl. Sezisman an ap kòz yo al pale moun de li. Dezyèm bagay m te panse nou ka fè se patisipe a klib kreyòl nan aktivite yo nan Inivèsite de Florid. Ankò, menm jan avèk fanmi e zanmi nou, y ap sezi wè gen yon jwèt eskrab an kreyòl epi yo tou ap pale lòt moun de li. M kwè si nou popilarize jwèt la kòrèkteman moun ap vin konprann enpòtans lang kreyòl la. Se vre anpil moun pa konprann enpòtans lang kreyòl la toupatou. Menm nan legliz yo ann Ayiti kote yo aprann timoun yo li e ekri yo pa sèvi a kreyòl, yo pa anseye timoun yo nan lang la. Dejan (2006:215) pale nou de yon istwa lè l te ann Ayiti kòm yon pè epi l t ap poze kèk timoun nan yon klas plizyè keksyon an kreyòl. Tout timoun yo bay espikasyon klè. Lè Dejan poze yo keksyon tou senp an Fransè tout elèv yo pe bouch yo. Sa vle di yo pa vrèman konprann lang Fransè a epi se pou moun rekonèt kreyòl se lang yo pi konprann epi m kwè sa se youn nan bagay yo ki fè lang kreyòl la enpòtan. Epi m kwè sa se objèktif jwèt eskrab nou an.

3. Jwèt nan kilti Ayiti

Paske m panse Ayiti se yon peyi kote jwèt fè yon gwo pati nan kilti peyi a, m panse jwèt eskrab

la ap vin popilè byen vit. Depi w se yon Ayisyen oubyen ou konn al vizite Ayiti plizyè fwa w ap konprann jan Ayisyen se gwo fanatik jwèt. Epi lè yo ap jwe yon jwèt se bagay serye. Tout moun vle pou yo genyen jwèt y ap jwe a epi y ap fè tout sa yo bezwen fè pou yo ka genyen jwèt la. Enbyen akòz jwèt fè pati kilti Ayiti li p ap difisil pou fè moun rekonèt jwèt eskrab la. M kwè y ap asepte jwèt eskrab la san yon dezyèm panse. Ayisyen ap sezi wè jwèt eskrab se an kreyòl li ye. Y ap sezi wè direksyon yo se an kreyòl yo ye, y ap sezi wè pou ka jwe jwèt la se pou w sèvi ak kreyòl. Sezisman sa ap ede moun Ayisyen wè sa Dejan wè. M di sa tout tan epi m di l tout tan paske m kwè l ak tout kè mwen. Sezisman Ayisyen ap jwenn lè yo wè jwèt eskrab la ap ede yo rekonèt enpòtans lang kreyòl. L ap ede yo wè lè Dejan di se pou yo anseye kreyòl nan lekòl yo se verite l ap pale. Dejan (2006: 243) di Ayisyen nan mitan lanmè kreyòl la, yo plonje nan letan kreyòl la, yo benyen nan larivye kreyòl la, yo mouye tranp nan lapli kreyòl la. Sa vle di se lang kreyòl la Ayisyen pi konprann pase tout lòt lang epi se avèk lang kreyòl pou yo sèvi nan tout pati Ayiti paske se li ki vreman lang peyi a. Ayiti pa dwe pou bay lang kreyòl la vag. Menm jan jwèt fè pati kilti Ayiti, lang la fè pati kilti a tou. Tout moun konnen lang fè pati nenpòt kilti men m pa konnen pou Ayiti paske yo pa menm sèvi ak lang kreyòl la kòm lang peyi a. Dejan (2006:243) di kreyòl se yon chemen konesans tou pare ki nan lespri oubyen sèvo yo. Si sa vre, poukisa Ayisyen chwazi sèvi a franse, yon chemen san konesans?

4. Benefis pou lekòl Ayiti si yo sevi avèk eskrab

Jwèt eskrab la ka fè anpil pou sistèm lekòl Ayiti a. Mwen di sa paske gen pwofese Ozetazini ki sèvi avèk jwèt eskrab la. Toupatou gen pwofese nan lòt peyi ki sèvi avèk jwèt eskrab la nan klas yo kòm yon fòm pou edike timoun yo. Pwofese sa yo ki sèvi ak jwèt eskrab la nan klas yo pale sou jan jwèt la ede timoun yo nan klas. 95% nan pwofesè sa yo di ke eskrab se yon lòt jan pou yo

ka aprann timoun yo nan lekòl (Scrabble 2007: 1). Yo di jwèt la devlope vokabilè elèv yo. Apre yon ti tan yo ka eple mo pi byen, yo vin pi fò nan matematik, yo vin pi fò nan yon bann bagay ki fè relasyon ak lekòl. Si sa vre, epi m kwè li vre, enbyen timoun ki elèv ann Ayiti tou ka jwenn anpil benefis nan men jwèt eskrab nou an ki fèt espesyalman pou lang kreyòl la. Fè atansyon, eskrab pwofesè Ozetazini yo sèvi a se an angle li ye. Lang elèv yo pi konprann. M panse nan lòt peyi ki sèvi ak jwèt eskrab la nan lekòl yo, yo sèvi a lang elèv yo pi konprann. Se konsa yo vin fò nèt nan matematik oubyen eple mo. Tout sa posib pou timoun e tout moun ann Ayiti tou. Men pou l posib, se pou Ayiti sèvi ak lang kreyòl la nan lekòl yo, lang moun yo pi konprann.

Iv Dejan di lang se chemen konnen pou moun ki deja konn lang lan. Lang se baryè konnen pou moun ki poko konn lang lan (Dejan 2006: 191). Ki jan pou elèv lekòl Ayiti yo vreman aprann oubyen konnen si yo pa sèvi avèk lang yo pi konprann? Ki jan li posib? Se pou Ayiti rekonèt sa kreyòl vle di pou peyi a. Se pou Ayiti rekonèt sa kreyòl ka fè pou peyi a. Kreyòl se lang Ayiti, lang yo pi konprann pase lòt.

Bibliyografi :

Dejan, Iv. 2006. Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba. Pòtoprens: FOKAL.

“National School Scrabble Program, 2007.” Scrabble. 2007. 1 Dec. 2007

<<http://www.hasbro.com/games/adult-games/scrabble/home.cfm?page=school>>.

